



PLANTATION HIGH SCHOOL

February 8, 2024

Pou Paran/Gadyen,

Bi lèt sa se pou enfòm ou pitit ou va pran ekzamen sou konpitè FSA ELA Writing and Reading Retake *and/or* FSA Algebra 1 End-of-Course (EOC) Retake assessment(s) jou ki va February 21 & 22-FSA Algebra 1 EOC Retakes and February 27-29-FSA ELA Writing & Reading Retakes. Pandan twa jou, elèv yo va pran tès evalyasyon, *FSA ELA Retake*, yon sesyon ekzamen ekriti, *ELA Writing*, ki va dire 120 minit, epi de sesyon ekzamen lekti, *ELA Reading*, chak sesyon dire 90-minit. Pou sesyon tès evalyasyon ekriti ak lekti, *FSA ELA Writing Retake* ak *FSA ELA Reading Retake*, nenpòt elèv ki pa fini yon sesyon nan tan ki pwograme, elèv la ka kontinye travay pandan mwatye tan yon jounen lekòl tipik pou sesyon sa. Pandan de jou, elèv yo va pran tès evalyasyon aljèb 1 fen kou, *FSA Algebra 1 EOC Retake*, nan de sesyon 90-minit, epi elèv ka rete nan klas la mwatye tan yon jounen lekòl tipik pou konplete chak sesyon.

Lakay, si ou-menm oswa pitit ou ta renmen revwa materyèl la, tès egzèsis pratik sou konpitè, ak repons kle tousa disponib sou sit <https://fsassessments.org/families.html>.

Li enpòtan pou ou-menm ak pitit ou konprann epi revwa regleman sa yo anvan pitit ou pran tès la:

- **Aparèy elektwonnik**—Yo pap kite elèv yo pote aparèy elektwonnik, nenpòt lè, pandan yap pran ekzamen **oswa** lè yo nan brèk (egzanp ale nan twalèt), **menmsi aparèy elektwonnik yo fèmèn oswa elèv yo pap itilize yo**. Yon aparèy elektwonnik se ka yon telefòn selilè (pòtab), telefòn entelijan (smartphones), ak mont entelijan (smartwatches) ak lòt aparèy elektwonnik ki pa mansyone. Si yo jwenn pitit ou ak yon aparèy elektwonnik oswa ap itilize Bluetooth/kas odyo sanfil/ekoutè (Bluetooth/wireless headphones/earbuds) pandan ekzamen an, yo va anile ekzamen an.
- **Règ sou kalkilatris**—Pou sesyon evalyasyon FSA Aljèb 1 fen kou, *FSA Algebra 1 EOC Retake assessment*, **itilize kalkilatris ki apwouve diran Sesyon 2 sèlman**. Si elèv yo itilize kalkilatris depòch diran Sesyon 1, yo va anile ekzamen yo.
- **Testing Rules Acknowledgment**—Aseptans regleman ekzamen – Tout tès vin akonpaye ak yon Aseptans regleman ekzamen, tèks la esplike: “Mwen konprann regleman tès la, regleman yo fèk li pou mwen. Si mwen pa swiv regleman yo, yo kapab anile nòt mwen ka pran nan tès la.” Anvan elèv yo pran ekzamen an, siveyan yo va li regleman yo pou elèv yo, epi elèv yo rekonèt yo konprann règ ekzamen an, lè yo klike sou bwat seleksyon nan navigatè sekirize konsa elèv yo endike yo konprann règ ekzamen an.
- **Diskite kesyon ki nan tès la apre ou fin pran ekzamen**—Anvan elèv yo klike sou bwat seleksyon pou asepte Aseptans regleman ekzamen (Testing Rules Acknowledgment) dènye pati regleman yo li pou elèv yo esplike paske kontni tès evalyasyon onivo leta sekirize epi konfidansyèl, elèv yo pap kapab, apre tès la, diskite oswa revele detay sou kontni tès la (tankou kesyon tès, repons, pasaj, ak sijè). Elèv yo pap kapab diskite sa nan okenn kominikasyon elektwonnik, tankou voye yon mesaj tèks (texting), voye yon imel (emailing), oswa poste (posting) sou sit media sosyo. Anvan pitit ou pran ekzamen an, fè sèten pitit ou konprann direktiv sa epi fè li chonje “diskite” kontni tès la vledi nenpòt kominikasyon elektwonnik, tankou tekste, voye yon imel, poste sou sit rezo sosyo, oswa pataje anliy (entènèt). **Alòske elèv yo pap kapab, apre tès la, pataje enfòmasyon osijè kontni tès konfidansyèl, direktiv sa pa gen entansyon anepche elèv diskite esperyans yo avèk paran/fanmi.**
- **Elèv la dwe travay poukont li**—Chak elèv responsab travay poukont li pandan ekzamen an epi pou li pa kite lòt elèv wè repons pa-li. Si yo bare elèv ap triche (pran poul) pandan ekzamen an, yap anile tès yo. Diplis, Depatman Edikasyon Florid (FDOE) anplwaye yon konpanni pou asire entegrite tès yo. Konpanni a rele Caveon Test Security. Li va analize rezilta tès elèv yo pou detekte repons ki sanble. Pou elèv ki frekante menm lekòl, yo kapab anile ekzamen yo lè konparezon tès revele repons similè.
- **Kite Kanpis Lekòl la**—Si pitit ou konmanse yon sesyon tès epi pitit ou soti lekòl la anvan li fini sesyon ekzamen an (egzanp pou li ale nan lanch, nan yon randevou), yo **pap** kite pitit gason oswa pitit fi ou retoune nan klas la pou

li fini sesyon sa nan tès la. Si pitit ou pa santi li byen jou lap pran tès la, pito li tann pou li pran tès la nan sesyon ratrapaj lekòl la pwograme. Chonje pa fè randevou jou pitit ou gen ekzamen nan lekòl li.

- **Akomodasyon ak adaptasyon diran ekzamen**—Si pitit ou gen yon plan edikasyon endividyèl [Individual Education Plan (IEP)], yon plan Section 504 Plan, oswa si li se yon aprenan lang angle [English Language Learner (ELL)] oswa toudènyèman li soti nan pwogram ELL, tanpri kontakte lekòl pitit ou epi mande si gen lòt akomodasyon lekòl la ka founi pitit ou pandan ekzamen.

Si ou gen kesyon anrapò ak administrasyon tès sa, tanpri kontakte Erika Butterfield nan Erika.Butterfield@browardschools.com. Pou plis enfòmasyon osijè pwogram Tès evalyasyon onivo Eta Florid, tanpri vizite sit pòtay <https://fsassessments.org/fsa.html>.

Mèsi pou sipò wap bay pitit ou epitou pou ankourajman ou ba-li, pou li fè lemye li kapab lè lap pran ekzamen.

Sensèman,

Erika A. Butterfield,
Student Assessment Specialist